

Nama	
Kelas	
No. Absen	

Langkah Pengerjaan

1. Isilah Nama, Kelas, dan No. Absen.
2. Kerjakan soal sesuai perintahnya.
 - Untuk pilihan ganda, klik pada lingkaran huruf di depan jawaban yang benar.
 - Untuk pilihan ganda kompleks jawablah dengan mencentang semua jawaban yang benar.
3. Pastikan semua jawaban sudah kamu isi.
4. Setelah semua soal selesai kamu jawab, Save jawabanmu.
5. Kirimkan kepada gurumu melalui WhatsApp atau email.



A. Pilihan Ganda

Pilih salah satu jawaban yang benar!

Setiap Soal
Bernilai 4 poin.

1. Unsur yang mengandung sajian sandiwara mengandung gagasan pokok yang dikembangkan lumantar alur dramatis dan dialog. Peran yang disebut di atas
 - a. alur
 - b. latar
 - c. paragraf
 - d. tema
 - e. amanat
2. Bagian yang terdiri dari dua yang harus dilakukan ketika naskah drama yaitu
 - a. menulis ringkasan cerita
 - b. menentukan tema
 - c. menentukan alur dan setting
 - d. menentukan paragraf
 - e. mengatur obyek paragraf

3. Wujud pamentasan drama kang mung ngandelake swara pocapan paraga, swara narator, lan swara iringan musik utawa piranti liyane kanggo menehi gegambaran lan nguripake swasana iku klebu ing drama
- ☐ a. wayang
 - ☐ b. radhio
 - ☐ c. panggung
 - ☐ d. bonekah
 - ☐ e. TV
4. Sipat dhasar kang kudu diparagakake sajroning drama saengga sok kadhang kala bisa ditemoni babagan kang ora padha karo sipat asli sing diduweni diarani
- ☐ a. ekspresi
 - ☐ b. laku
 - ☐ c. akting
 - ☐ d. watak-wantu
 - ☐ e. bloking
5. Sajroning naskah drama perangan kang awujud pacelathon utawa paguneman antarparaga kang diarani
- ☐ a. dialog
 - ☐ b. pandom
 - ☐ c. prolog
 - ☐ d. epilog
 - ☐ e. monolog
6. Unsur ekstrinsik minangka unsur kang mangun saka njaba crita lan duweni pangaribawa tumrap surasane crita. Dene kang ora klebu unsur kasebut yaiku
- ☐ a. kahanan sosial budaya
 - ☐ b. kapitayan kang dirasuk pangripta
 - ☐ c. pendhidhikan pangripta
 - ☐ d. kahanan psikologis paraga
 - ☐ e. latar belakang pangripta

Gatekna punggelan teks drama ing ngisor kanggo mangsuli pitakon nomer 7–12!

Surati susah lan sedhih amarga garwane ora pracaya apa sing diucapke. Raden Banterang duwe karep nyemplungake Surati ing tlaga. Satekane ing tlaga, Raden Banterang nyritakake patemone ing alas karo pawongan priya sing klambine suwek-suwek. Surati uga nyritakake patemone karo priya kaya sing dialami garwane.

Surati : “Priya iku kakangku. Namine Rupaksa, dheweke sing menehi iket marang kula.”

Raden Banterang : “Aku gak pracaya marang awakmu. Apa awakmu karo kakangmu arep nyilakani aku amarga ramamu tiwas? Lungamu ndhek alas amarga ngerti aku uga ndhek kana?”

Surati : “Kula disuwun tulungi kakang kula kangge nyilakani panjeneng-an, nanging kula boten purun.”

Raden Banterang : “Gak mungkin kaya ngono kuwi.”

Surati : “Menawi boten pitados, kula daknyemplung wonten kali menika. Yen kali dados bening lan wangi, tegese kula boten salah. Nanging yen toya kali boten bening lan mambet, tegese kula gadhah niat badhe nyilakani panjenengan!” (Surati asru anggane ngomong karo nangis)

Sawise ujar kaya mangkono, Surati mlumpat ing tengah kali banjur ilang. Ora let suwe, kali mau ambune wangi lan banyune dadi bening. Raden Banterang getun lan bengak-bengok swarane ndhredheg nyeluki jenenge Surati.

Raden Banterang : “Surati!” (banget sedhih lan getune)

Raden Banterang banget anggane getun lan sedhih amarga luwih pracaya omongane wong liya tinimbang garwane. Nanging digetunana kaya ngapa, Surati ora bakal bali. Awit saka iku, tuwuh jeneng Banyuwangi kang tegese banyu kang ambune wangi. Jeneng Banyuwangi banjur dadi jeneng Kutha Banyuwangi.

7. Punggelan teks drama ing dhuwur jupuk saka crita

- ☐ a. fabel
- ☐ b. wiracarita
- ☐ c. mite
- ☐ d. sage
- ☐ e. legendha

8. Amanat kang bisa kajupuk saka punggelan teks drama ing dhuwur yaiku **HOTS**

- ☐ a. luwih pracaya marang gunemane wong liya iku becik katindakake
- ☐ b. ora perlu ngrungokake panemune wong liya lan mutusi dhewe
- ☐ c. kudu ditlesih menawa antuk lapuran saka wong liya lan jupuk kaputusan dipikir kanthi temen
- ☐ d. kena ngrungokake panyaruwe saka wong liya banjur dilaksanakake tanpa ditlesih
- ☐ e. ora perlu nggugu omongane wong liya lan nengenake panemune dhewe

9. Sing nindakake pacelathon sajroning teks drama ing dhuwur yaiku
- a. Rupaksa lan punggawa kraton
 - b. Surati lan Rupaksa
 - c. Raden Banterang lan Surati
 - d. Raden Banterang lan Rupaksa
 - e. Surati lan punggawa kraton
10. Paragraf pungkasan ing dhuwur diarani
- a. epilog
 - b. dialog
 - c. prolog
 - d. pandom
 - e. monolog
11. Katrangan ing ngisor kang trep kanggo nggambarake paraga Raden Banterang yaiku
- a. Raden Banterang duwe watak becik amarga pracaya karo sing diomongake dening Rupaksa
 - b. Raden Banterang duwe watak ora pracaya lan grusa-grusu jupuk kaputusan
 - c. Raden Banterang dadi protagonis kang nyengkuyung dalane crita
 - d. Raden Banterang dadi paraga pambiyantu sajroning crita
 - e. Raden Banterang dadi paraga utama sajroning crita
12. Katrangan kang katulis sajroning tandha kurung ing dhuwur diarani
- a. dialog
 - b. pandom
 - c. prolog
 - d. epilog
 - e. pacelathon
13. Perangan naskah drama sing menehi katrangan ngenani kahanan utawa prastawa kang dipanggonake ing jero tandha kurung utawa kacithak miring diarani ...
- a. prolog
 - b. klimaks
 - c. dialog
 - d. pandom
 - e. epilog

14. Ing pagelaran sandiwara tamtu ana paraga kang nyengkuyung dalane crita. Ana paraga watak ala lan becik. Ana uga paraga sing bisa dadi kancane paraga antagonis apa dene protagonis. Paraga kang mangkono diarani paraga.... **HOTS**
- ☐ a. utama
 - ☐ b. antagonis
 - ☐ c. protagonis
 - ☐ d. tritagonis
 - ☐ e. pembantu
15. Kagiyan ngrasakake, mangerteni, lan ngajeni saengga bisa mangerteni kanthi temen lan mahami nilai-nilai kang kinandhut sajroning drama kasebut diarani
- ☐ a. improvisasi
 - ☐ b. apresiasi
 - ☐ c. tanggapan
 - ☐ d. resensi
 - ☐ e. sinopsis

B. Pilihan Ganda Kompleks

Setiap Soal
Bernilai 8 poin.

Pitakon angka 1–3 pilihan luwih saka siji wangsulan kang trep!

1. Ing ngisor iki kang ora klebu jinis paraga adhedhasar watake yaiku
- ☐ a. paraga figuran
 - ☐ b. paraga utama
 - ☐ c. tritagonis
 - ☐ d. antagonis
 - ☐ e. protagonis
2. Kanthi nonton pamentasan drama kita bisa menehi tanggapan tumrap pagelaran drama kasebut. Dene babagan kang ora klebu tata cara menehi tanggapan kang becik yaiku
- ☐ a. tanggapan mligi awujud panemu tanpa linandhesan alesan tinemu nalar
 - ☐ b. tanggapan awujud andharan cekak lan becik
 - ☐ c. migunakake tembung dawa ngayawara
 - ☐ d. tetembungane gampang dimangerteni
 - ☐ e. prakara kang ditanggapi kudu cetha

3. Ing ngisor iki kang klebu unsur ekstrinsik sajroning drama yaiku

- ☐ a. kahanan swasana lan wektu ing crita
- ☐ b. latar belakang pendhidhikan pangripta
- ☐ c. kahanan masarakat
- ☐ d. kapitayan kang dirasuk dening pangripta
- ☐ e. watak-wantune paraga ing crita

Pitakonan angka 4 lan 5 garapan miturut parentahe!

4. Pamentasan drama ora uwal saka anane naskah drama utawa skenario.
Babagan apa bae kang katulis sajroning naskah drama utawa kang asring sinebut skenario?
Tembokna **Bener** utawa **Salah** pranyatan ing ngisor iki!

Pranyatan	Bener	Salah
Latar swasana, papan panggonan, lan wektu sajroning crita.	☐	☐
Gambaran solah bawane sutradara.	☐	☐
Dhialog antarparaga.	☐	☐

5. Sawise nonton drama, kita minangka penonton bisa menehi apresiasi arupa nindakake pengamatan, pambijen, lan pangajenan tumrap asil pamentasan drama.

Babagan apa bae kang bisa diapresiasi saka pamentasan drama?

Tembokna **Bener** utawa **Salah** pranyatan ing ngisor iki!

Pranyatan	Bener	Salah
Babagan tema lan amanat kang bisa dijupuk saka crita kasebut.	☐	☐
Babagan kaendahan basa, gaya basa, lan samubarang kang gegayutan karo drama.	☐	☐
Babagan gambaran pamirsa kang nonton drama kasebut.	☐	☐

Nilai

Lihat Nilai